Recueilli par : Fatou DIOP
Dit par : Boup, griot
demeurant à Wagouniaye

---

## Ndaw si bañoon ni du séy

Dafa amoon senn ndaw soo xam ni dafa rafetoona rafet ba kenn mënu laa wax ni mu mel; yor taar boo xam ni dafa jaaxaloon ñépp. Benn bés mu ni : "Man dey bëgguma jëkkër te it bëggumaa taxaw ak genn gòor. Ba mu ko defee mu dem ba ci biir àll ba daldi fay defar ab néeg ñaxam. Ba mu defaree néeg ba noppi, néeg bu rafet sax, mu tëj ko ba mu dëggër. Mu daldi dem ci ja ba wut fa lépp lu mu bëggòon ci ndugg. Ñu toog ab diir rabi àll yi yëg ni am na gan gu leen ganesi. Ba ñu seetloo ba gis gan gi, ku ci ne xam ni kii ku rafeta rafet la. Ku ne ni jabaram lay doon.

Ñu dem ba nga xam ni leegi guddi na, Gaynde ni mooy buuru rabi àll yi, mooy jëkk dem. Mu egsi ci kër gi nag daldi woy :

-"Xari ubbil Ndòoy, Xari ubbil Ndòoy, Xari ubbil Ndooy !"

Xari ni : -" Waaw kooku kan la ; ana ku may fëgg waxtu wii ?

Mu ni ko : -"Man la Gaynde Njaay, buuru rabi àll yi !

Xari ni ko : - Gaynde Njaay dellul sa kër, man duma la ubbil.

Gaynde daldi delluwaat kërëm. Nees tuuti rek Bukki daldi egsi.

-"Xari ubbil Ndòoy, Xari ubbil Ndòoy"!

- Waaw kooku kan la ?

Bukki ni ko : Man la Bukki Njuur, Xari ubbil ma sa bunt bi.

Xari ni ko : - Waay demal fale man duma la ubbil.

Ba mu demee, Till daldi egsi.

- "Xari ubbil Ndòoy ! Xari ubbil Ndòoy ! Xari ubbil Ndòoy !

Xari ni ko : -"Kooku kan la ?"

-"Man la Till Mbeng !"

Xari ni ko :-"Waay Till Mbeng jàllal fale xam nga ni duma la ubbil !"

Golo daldi egsi. Boo ko gisée nag mu ngay cëppi cëppi ak a tiitëru.

Mu ni : - "Xari ubbil Ndòoy ! Xari ubbil Ndòoy ! man la Golo, maa bëggòon nga ubbil ma."

- Doxal fale waay Golo Jaañ!"

Golo daldi rus, wòññeeku. Nees tuuti nag Jàmb Jòob daldi egsi.

- Xari ubbil Ndòoy ! Xari ubbil Ndòoy ! Xari ubbilal Jàmb !

Xari daldi jòg ci lalam ba mu tëddòon, ubbi bunt bi, Jàmb daldi dugg. Mu nga lal lal ba ba nga xam ni..., daldi ko tegal lekk yoo xam ni bu ci dàq nga ni bii la, tej ko fa nag, ñu tëdd ba ci ëllëg sa. Ci ginnaaw ëllëg sa, Jàmb daldi dellusiwaat, ñu daldi ko ganale nganale gu dàq ga weesu. Ndeke Bukki mu nga làqatuwoon Jàmb, xaar ba nga xam ni Jàmb dellu na këram, mu felk ko fa. Fekk ni dafa noboon ndaw si te ñemmewu koo wax. Mu daldi ko ni :

- "Jàmb, man de dama am soxla su tiisa-tiss, looloo tax sax ma ñòw fii ndax dama dajeek ndaw soo xam ni dafa rafet ba bëgg dee, te nee na ma ñòw seetsi ko ; te lépp lu ma ko waxoon nangu na ko, nangu na ma nekk ak moom. Bëgguma koo bett, te loolu sax ñaanuma ko. Leegi nag lii ma bëggòon mooy nga abal ma sa yëré yu rafet yooyu, te man wòor na ma ni duma yàgg ak ndaw si. Dama bëggòon rekk nga abal ma ko ma nekk ak moom ba ci ëllëg sa, ma daldi ñòw dellosi la say yëré."

Bi mu ko waxee loolu, Jàmb daldi koo abal yëré bi gën rafet ci yëréem yi ak fasam. Bukki yéeg ci fas wi; boo ko gisée mu ngi la ko kontaanal ba gëgg dee, di tëbal nag fas wi. Ba mu egsee ci Xari, mu daldi fëgg :

-"Xari ubbil Ndòoy ! Xari ubbil Ndòoy ! Xari ubbil Ndòoy !"

Mu ngi beg ba bëgg dee ndax fii mu nekk dafa wòolu boopam ci yëré yi mu sol. Mu neeti :

- Xari ubbil Ndòoy ! Xari ubbil Ndòoy ! man la Jàmb Jòob !

Xari daldi ubbi. Waaye bi mu ubbée, mu tiit nag ni :

- Waaw Jàmb lu-tax nga ñuul kukk nii ? Waaw Jàmb lii lan la ? Lu nekk ci sa digg-ginnaaw gi nii ? Lu tax nga nurook ku xuugé ? Jàmb lu tax sa bàkkan bi di nos ?

Lu mu ko laaj rekk Bukki ni ko :

- Man kay dama feebaroon".

Xari daldi koy dugal ci néeg bi ; may ko ndox, jox ko mu lekk. Bukki daldi toog, am ak Xari ñeenti fan ; ba ci juróomeel bi, mu xaar ba ci ngoon gi daldi yàq yëréem yu mu soloon yépp ndax lekk gu bari. Boo gisée néeg bi mu ngi xesaw xunn xunn xunn ; foo taxaw rekk néeg baa ngi am xet gu bona-bon. Xari daldi yeewu tiite ciy nelaw. Mu dàq Bukki ni ko :

- Génnal ci biti.

Ci ëllëg sa, suba teel Bukki daldi dem ci kër Njàmb ni ko :

- "Jàmb, nanga ma baal de, fas wi daal dafa ma daaneel ci yoon wi, maa ngi lay delloo yëré yi, tilim nañu, wante man sax damaa rus."

Njàmb daal boo ko gisée mu ngi rus ndax ni ko Bukki delloosee yëré yi.

Mu ni : "- Bukki yow ni ma la fonkewoon ; démb sax yaa tax ba ma toog fii, mujjumaa dem ci kii nga xam ni moom laa waroon seeti muy sama ndaw soosa ; yow nag nga ñów delloosi ma sama yëré yi nii. Xawma nan laa fay deme leegi."

Jàmb daldi jël yëré ya fóot ko ba mu set, mu waraat fasam daldi dem seeti Xari. Mu ñów ni :

- Xari ubbil Ndóoy, man la Jàmb Jóob.

- Duma la ubbil, démal sa yoon !

Jàmb wax wax ba sonn. Xari bañ; Jàmb xamatul nu muy def. Nees tuuti rekk, jant bi tàmbali di ñuul, niir wi nekk fii, muy xiin, xiin wu mettee metti, ngelaw li foo tollu degg ni muy wale. Ñu toog ba mu yàgg rekk taw bu mettee metti daldi daanu. Mu ngi la ko guddil, lëndëmal la ko këriis. Jàmb taw bi bett ko, xamul fu muy dugg, mu toog fa, tooga-toog ba ci ëllëg sa. Xamatul nu muy def, gàccee ngi ko jàpp, mu sëgg, naqar it jàpp ko, mu ngi la ko rusal ndax li ko Bukki teg.

Ñu toog ay fan Njàmb feebar ndeysaan, mënatul jóg ba noonu la dee. Looloo waral Wolof Njaay ni :

Looloo waral Wolof Njaay ni :

- Bul di dimmali mukk koo xam ni xamul ni ndimmal nga koy defal, ndax nit ku mel noonu baaxul ; boo ko defalee lu baax mu fey la lu bon, ndax soxoram ak it doon ko xam ni day fecci kôllëré ay di la won ay nëbbatu.

Loolu lañu amoon di leen ko nettali. Foofu la léeb doxe tàbbi géej, bàkkan bu ko jëkk fôon tàbbi àjjana.